



MARTY KIAR

BROWARD COUNTY PROPERTY APPRAISER

Sèvis Notifikasyon Alèt pou Pwopriyetè

Biwo Evalyatè Taks Konte Broward kontan pou anonse *Owner Alert* – ki se yon sèvis GRATIS ki kreye pou ede w pwoteje pwopriyete w kont magouy oswa fwòd lè li notifiye w si biwo nou an resevwa yon dokiman ki chanje non moun ki gen dwa pwopriyete sou pwopriyete w lan. Fwod pwopriyete se yon gwo pwoblèm! Kriminèl yo kapab anrejistre tit pwopriyete nan magouy ki transfere dwa pwopriyete yo epi apresya eseye ipoteke, vann oubyen lwe pwopriyete a. *Owner Alert* ede kanpe zak ilegal sa yo. Ann travay ansanm pou pwoteje kay ou kont tantativ fwod.

Li fasil ak rapid pou enskri nan sèvis la – annik vizite wèbsayt nou an nan <https://web.bcpa.net/owneralert> pou enskri pwopriyete w lan. Pa gen okenn chaj pou sèvis sa a epi ou kapab dezenskri nenpòt kilè.

Yo chanje rejis pwopriyete yo dapre tit ki anrejistre nan Divizyon Rejis Konte Broward County (Broward County Records Division) epi apresya yo prezante yo nan biwo nou an. BCPA pa gen otorite jiridik pou detèmine si yon tit rezilta yon magouy. Kou w enskri, *Owner Alert* pral notifiye w si gen yon chanjman nan dwa pwopriyete sou pwopriyete w lan epi l ap ba w enfòmasyon enpòtan. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan sèvis notifikasyon *Owner Alert* la, tanpri rele nan 954-357-5579 oubyen imèl nou nan OwnerAlert@bcpa.net

Sondaj sou Pwopriyete Komèsyal yo

COVID-19 te enpakte gravman kominote nou an epi tout moun te santi efè li nan divès fason. Pou ede biwo nou an konprann pi byen nenpòt enpak pandemi a te gen sou biznis yo, biwo nou an te fenk voye nan kourye lapòs yon korespondans bay tout pwopriyetè bilding komèsyal ak bilding apatman yo. Nenpòt enfòmasyon pwopriyetè biznis lokal yo bay pral ede biwo nou an detèmine prezizeman yon valè ki ekitab ak jis pou pwopriyete sa yo pou ane fiskal 2021 k ap vini a. Si ou gen nenpòt kesyon osijèsondaj sa a, tanpri rele nan 954.357.6835 oubyen imèl IncExp@bcpa.net.

Si biwo mwen an kapab ede w, tanpri pa ezite kontakte m dirèkteman nan 954.357.6904 oubyen imèl mwen nan martykiar@bcpa.net

Ak tout kè mwen,

Marty Kiar, CFA



MartyKiarBCPA

@MartyKiarBCPA

Evalyate Pwopriyete Konte Broward